दिन–रविवार दिनांक–26.10.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानसभा चुनावक पहिल चरणक बाद दोसर चरण लेल सेहो चुनाव प्रचार गति पकड़ि लेलक अछि। महागठबंधन दिस सँ आइ राष्ट्रीय जनता दलक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आओर विकासशील इंसान पार्टीक अध्यक्ष मुकेश सहनी सीमांचलक क्षेत्र मे चुनाव प्रचार शुरू कयलनि। कटिहारक आजमनगर मे एक चुनावी सभा के संबोधित करैत तेजस्वी यादव जनौलनि जे हुनक सरकार बनैत अछि तऽ वक्फ कानून के हटाओल जायत। ओ जनौलनि जे एनडीए सरकारक कार्यकाल मे सीमांचल क्षेत्रक विकास नहि भेल अछि। भाजपा तेजस्वी प्रसाद यादवक ई बयानक करगड़ आलोचना कयलनि अछि। भाजपाक राष्ट्रीय प्रवक्ता सैयद शाहनवाज हुसैन आरोप लगौलनि जे जंगलराजवला संसद सँ पारित वक्फ कानूनक विषय मे जनता के गुमराह कऽ रहल छथि। ओ आइ दिल्ली मे तेजस्वी यादवक वक्फ कानून के हटेबाक गप पर जनौलनि जे राजद चुनाव मे अपन निश्चित हारि के दखैत एहि तरहे बाजि रहल छथि। जदूय, लोजपा रामविलास, राष्ट्रीय लोक मोर्चाक संग–संग वाम दल, जन सुराज पार्टी आओर आनो–आन दलक नेता आ स्टार प्रचारक सभ अपन–अपन प्रत्याशी सभक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि।

---

राजद नेता तेजस्वी यादव पंचायत प्रतिनिधि आओर पीडीएस डीलर सहित कतेको काज सँ जुड़ल लोक सभ लेल पैघ घोषणा कयलनि अछि। श्री यादव आइ पटना मे आयोजित प्रेस कॉन्फ्रेंस मे जनौलनि जे महागठबंधनक सरकार बनला पर पंचायत प्रतिनिधि सभक मानदेय दुगुना कयल जायत। अखन दू लाख पचीस हजार पंचायत प्रतिनिधि सभ के पाँच हजार सँ पचीस हजार टाका मानदेय भेट रहल छनि। श्री यादव जनौलनि जे पंचायत प्रतिनिधि सभ के पेंशन देबाक संग संग हुनका सभ के पचास लाख टाका बीमा सेहो कयल जायत। राजद नेता पीडीएस डीलरक मानदेय आओर कमीशन बढ़ाओत। श्री यादव नाई, कुम्हार आओर लोहार समाजक लोक सभ के पाँच साल मे पाँच लाख टाकाक मददिक सेहो घोषणा कयलनि।

---

दोसर दिस भाजपाक वरिष्ठ नेता आ सांसद रविशंकर प्रसाद जनौलनि जे चुनाव मे अपन हारि के देखैत तेजस्वी यादव एहि तरहक घोषणा कऽ रहल छथि। श्री प्रसाद पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे आरोप लगौलनि जे राजदक शासनकाल मे भ्रष्टाचार आओर लूटक काज कयल गेल।

---

जदयू पूर्व मंत्री शैलेश कुमार सहित एगारह पार्टी नेता सभ के निष्कासित कऽ देलक अछि। हुनका सभ पर पार्टी विरोधी गतिविधि सँ जुड़ल आओर एनडीएक उम्मीदवारक खिलाफ चुनाव मे ठाढ होयबाक कारण ई कार्रवाई कयल गेल अछि।

---

निर्वाचन आयोग प्रदेशक सात लाख सँ बेसी दिव्यांग आओर वरिष्ठ नागरिक सभ के हुनक घर पर मतदानक सुविधा देलक अछि। आयोगक अनुसार एहेन व्यक्ति सभक घर पर मतदान दल छओ सँ एगारह नवम्बरक बिच जा कऽ हुनका सभ के भोट खसेबाक सुविधा देताह। ई दल मे दू मतदान अधिकारी, एक माइक्रो ऑब्जर्वर, एक वीडियो ग्राफर आओर सुरक्षाकर्मी रहताह।

---

लोक आस्थाक चारि दिवसीय महापर्व छठिक दोसर दिन आइ व्रती सभ खरनाक अनुष्ठान कऽ रहल छथि। एकर बाद व्रती लोकनिक छत्तीस घंटाक निर्जला व्रत शुरू भऽ जायत। काल्हि अस्ताचलगामी सूर्य के पहिल अर्घ्य अर्पित कयल जायत। मंगल दिन उगईत सूर्य के अर्घ्य अर्पित करबाक संग ई महापर्व समन्न भऽ जायत। छठि के लऽकऽ मिथिलांचल सहित प्रदेशभरि मे माहौल भक्तिमय भऽ गेल अछि। चहुंदिस छठि गीत सुनल जा रहल अछि। रस्ता–बाट साफ–सफाईक संग–संग रंग–बिरंगक बिजलीक इजोत सँ चकमक देख जा रहल अछि। हाट–बाजार मे छठि के लऽकऽ लोक सभक भारी भीड़ देखल जा रहल अछि। हमर जिला संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे छठिक उत्साह चरम पर देखल जा

रहल अछि। औरंगाबाद संवाददाता जनौलनि जे देवक प्रसिद्ध सूर्य मंदिर मे संग पड़ोसी राज्य सभ सँ सेहो हजारो श्रद्धालु सभ महापर्व छठिक अनुष्ठान करय आयल छथि। पुण्यार्क मंदिर, मसौढ़िक सूर्य मंदिर आओर दुल्हिन बाजारक उलार सूर्य मंदिर मे पैघ संख्या मे छठिव्रती सभ आयल छथि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे छठिक महापर्व संस्कृति, प्रकृति आओर समाजक बिच एकजुटताक प्रतीक अछि। आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे आइ प्रधानमंत्री छठि पर विशेष कऽ बिहार, झारखंड आओर पूर्वांचलक लोक सभ के शुभकामना देलनि अछि। ओ जनौलनि जे समाजक हरेक वर्ग छठि घाट पर एक संग आबि कऽ भारतक सामाजिक एकताक सभ सँ निक उदाहरण देखल जाइत अछि। ओ छठिक बिच महिला लोकनिक व्रत रखबाक समर्पण आओर निष्ठा के प्रेरणादायक जनौलनि। प्रधानमंत्री वस्तु आओर सेवा कर–जीएसटीक बचत उत्सव के लऽकऽ आओर पावनिक बिच स्वदेशी वस्तु किनय पर खुशी जतौलनि।

———————————————————————————

विधानसभा चुनावक बिच प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दू नवम्बर कऽ पटना मे रोड–शो करताह। एहि सँ पहिने श्री मोदी तीस अक्टूबर कऽ छपरा आओर मुजफ्फरपुर मे चुनावी जनसभा के सम्बोधित करताह।

———————————————————————————

समाप्त भेल।